


PLIZYÈ CHEMEN POU GRADYE

Lekòl ak pwogram
ki la pou ede elèv ki
twò gran ratrape yo
epi gradye

Se Biwo pou Angajman Fanmi ak Defans Dwa yo ki fè prezantasyon sa a

LEKÒL AK PWOGRAM KI LA POU EDE ELÈV KI TWÒ GRAN RATRAPE YO EPI GRADYE

- > Gen plis ke 130000 jèn moun nan vil Nouyòk ki gen ant 16-21 ane ki dèyè pou plis ke dezan nan kantite kredi yo ta sipoze genyen, oubyen yo kite lekòl.
- > Depatman edikasyon vil Nouyòk NYCDOE mete lekòl ak pwogram soupye pou ede elèv sa yo ratrape yo epi gradye.



PLIZYÈ CHEMEN POU GRADYE

Lekòl Transfè Transfer Schools

Lekòl transfè yo se ti lekòl segondè apentan ki ofri diplòm pou elèv ki nan lekòl segondè pou omwen yon ane epi yo dèyè nan kantite kredi yo sipoze genyen. Yo bay kou ki solid onivo akademik, konsèy pèsònèl ak preparasyon pou kolèj ak karyè.

Young Adult Borough Centers (YABC)

YABC se pwogram akademik ki fèt aswè pou ranpli bezwen elèv lekòl segondè ki ta ka konsidere kite lekòl paske yo twò dèyè oubyen paske yo gen responsablite granmoun ki fè li difisil pou yo ale lekòl pandan lajounen. Elèv yo konsantre yo sou kredi yo bezwen pou yo gradye sèlman atravè yon orè ki fèt an blòk. Lè yo fin pran tout kredi yo epi yo pase ekzamen Regents yo, elèv yo resevwa yon diplòm nan lekòl yo te ye deja a.

Pwogram GED

Pwogram GED atanplen oubyen atanpasyèl prepare elèv pou yo pase ekzamen GED a epi pwogram nan ede yo devlope bon koneksyon pou kolèj ak karyè. Elèv resevwa sipò endividyèl nan men konseye.

Aprantisaj etik pwofesyonèl Learning to Work (LTW)

Sèvis LTW Aprantisaj etik pwofesyonèl anndan anpil Lekòl transfè, pwogram YABCs, ak GED. LTW la pou ede elèv rete lekòl. Li ede yo devlope konesans yo bezwen pou fini lekòl segondè, jwenn yon djòb epi reyisi nan kolèj. Elèv LTW patisipe nan estaj ki peye, atelyetravay pou devlope aptitud pou travay, sesyon konsèy pou kolèj ak karyè, plasman nan djòb ak lòt sipò.

www.nyc.gov/schools/Offices/OMPG

LEKÒL TRANSFÈ

Lekòl transfè se ti lekòl segondè ki ofri diplòm pou elèv ki nan lekòl segondè pou omwen yon ane epi yo dèyè nan kantite kredi yo sipoze genyen.

- > Yo bay kou ki solid onivo akademik, ki ede elèv yo jwenn kredi yo bezwen byen rapid.
- > Yo bay yon anviwònman aprantisaj pèsonèl pou elèv. Yo bay chak elèv yon konseye pou ba l sipò endividyèl.
- > Anpil lekòl transfè gen sèvis LTW ladan yo tankou estaj peye ak konsèy pou kolèj avèk karyè. Pou plis enfòmasyon, kontakte yon lekòl oubyen yon pwogram ki gen LTW (gade nan tiliv la).
- > Lè yo fin gradye, elèv yo resevwa yon diplòm lekòl segondè.
- > Gen 37 Lekòl Transfè nan vil Nouyòk.

LEKÒL TRANSFÈ



Pou elijib pou yon lekòl transfè, ou dwe:

- > Deja nan lekòl segondè pou omwen yon ane
- > Gen ant 15-21 ane

Enskripsyon:

- > Chak Lekòl transfè gen pwòp pwosedi elijiblite ak admisyon l.
- > Tcheke avèk konseye pedagojik ou oubyen yon sant referal distri 79 pou jwenn plis enfòmasyon.
- > Kontakte lekòl transfè yo an patikilye pou jwenn enfòmasyon sou enskripsyon.

SANT *BOROUGH* A POU JÈN ADILT YOUNG ADULT *BOROUGH* CENTERS (YABCs)

YABC yo se pwogram akademik atanpasyèl ki fèt aswè pou elèv ki ka ap konsidere pou yo kite lekòl paske yo twò dèyè nan kantite kredi yo bezwen pou yo gradye, oubyen paske yo gen responsablite ki fè li difisil pou yo ale lekòl pandan lajounen.

- > Elèv yo konsantre yo sèlman sou kou yo bezwen pou yo gradye yo.
- > Klas yo fèt lezapremidi ak leswa , pou elèv kapab lib pandan lajounen pou travay oubyen pou reponn obligasyon pèsònèl yo.
- > Yo bay chak elèv yon konseye pèsònèl pou ede yo.
- > Anpil YABC genyen sèvis aprantisaj etik pwofesyonèl LTW anndan yo tankou estaj ki peye ak konsèy pou kolèj ak karyè. Pou plis enfòmasyon, kontakte yon lekòl oubyen yon pwogram ki gen LTW (gade nan tiliv la).
- > Lè yo gradye, elèv yo resevwa diplòm nan lekòl yo te ye deja a.
- > Gen 23 YABC nan vil Nouyòk.

YOUNG ADULT BOROUGH CENTERS (YABCs)



Pou elijib pou yon YABC, ou dwe:

- > Gen ant 17 ½ - 21 ane
- > Deja nan lekòl segondè pou omwen 4 ane
- > Gen omwen 17 kredi

Enskripsyon:

- > Pou aprann plis, pale avèk konseye pedagogik ou a oubyen ale nan yon sant referal distri 79.
- > Pou enskri, al wè konseye pedagogik ou a ki ka ba w fòm yo mande yo epi l ap ede w ranpli yo. Pote yo pou enskri nan yon YABC an pèsòn.

PWOGRAM GED APLENTAN AK ATANPASYÈL

Pwogram GED prepare elèv pou pase ekzamen GED a.

- > Pwogram aplentan Access GED ofri klas ki fè w anvi aprann ak sipò konsèy endividyèl.
 - Access GED gen konsèy endividyèl pou tout elèv, estaj, LTW, preparasyon pou travay ak aktivite eksplorasyon karyè.

- > Pwogram GED atanpasyèl ofri klas ki gen bon echanj lajounen oubyen aswè.
 - Kèk pwogram GED atanpasyèl ofri estaj LTW preparasyon pou travay ak aktivite eksplorasyon karyè.

PWOGRAM GED APLENTAN AK ATANPASYÈL



Pou elijib pou pwogram GED, ou dwe:

- > Gen ant 18-20 ane

Enskripsyon:

- > Pou konnen plis, ale nan yon sant referal Distri 79.
- > Pou enskri, ale an pèsòn nan pwogram ou vle ale a.

APRANTISAJ ETIK PWOFEZYONÈL LEARNING TO WORK (LTW)

LTW se yon pwogram preparasyon pou djòb ak eksplorasyon karyè ki disponib nan anpil Lekòl transfè, pwogram YABC ak pwogram GED.

- > Elèv patisipe nan estaj peye ak aktivite ki prepare yo pou bon opòtinite apre lekòl segondè.
- > LTW genyen tou èd akademik pèsònèl, konsèy endividyèl ak devlopman aptitud.
- > Se òganizasyon kominotè ki asosye ak lekòl yo ki ofri sèvis LTW yo.



KISA KI PI BON POU OU OUBYEN POU PITIT OU?

Lekòl segondè transfè ak YABC yo ede elèv rive jwenn yon diplòm, donk lè li posib, nou ankouraje elèv pou yo antre nan youn nan lekòl oubyen pwogram sa yo.

Lè y ap apwoche 21 ane epi yo p ap gen ase tan pou yo vin genyen ase kredi pou yo resevwa yon diplòm, nou ankouraje yo antre nan yon pwogram preparasyon pou GED.

POU ENSKRI

- > Lekòl Transfè *Transfer Schools*
 - Kontakte yon lekòl oubyen yon pwogram dirèkteman pou konnen ki kondisyon pou enskri.
- > Sant *borough* pou jèn adilt *Young Adult Borough Centers* (YABCs)
 - Kontakte konseye pedagojik ou, k ap ba ou fòm ou bezwen epi k ap ede w ranpli yo, epi pote yo nan YABC ou chwazi a.
- > Pwogram GED:
 - Kontakte sit ou chwazi a oubyen yon sant referal Distri 79 pou enskri.

SANT REFERAL DISTRI 79

Pou plis enfòmasyon pou enskri nan yon pwogram GED, ou ka kontakte yon sant referal GED distri 79 ki pi prè w:

Bronx Referral Center @ Bronx Regional High School

1010 Rev. James A. Polite Ave., 3rd Fl.
Bronx, NY 10459
(718) 842-9200

Queens Referral Center @ Jamaica Learning Center

162-02 Hillside Avenue, Room 109
Jamaica, NY 11432
(718) 739-2100

Brooklyn Referral Center @ Marcy Avenue Complex

832 Marcy Avenue, Room 501A
Brooklyn, NY 11216
(718) 636-5770

Staten Island Referral Center @ St. George

450 St. Marks Place
Staten Island, NY 10301
(718) 273-3225

Manhattan Referral Center @ the Alternative Learning Complex

500 Eighth Ave. (at 35th St.), 7th Fl.
New York, NY 10018
(212) 244-1274

POU PLIS ENFÒMASYON...

- > Kontakte konseye pedagojik lekòl segondè w la
- > Kontakte yon sant referal Distri 79
- > Ale nan sit wèb Office of Multiple Pathways to Graduation, ki gen yon pakèt enfòmasyon an angle:
www.nyc.gov/schools/offices/OMPG
- > Ale nan sit wèb NYCDOE nan lang ou pale a, kote w ap jwenn enfòmasyon enpòtan pou fanmi sou tout sijè edikasyon nan vil Nouyòk, ladan opsyon pou elèv ki twò gran: www.nyc.gov/schools/languages/HaitianCreole